

**CenterWell ACE**  
**Avi sou Pratik Konfidansyalite**

**AVI SA A DEKRI KI JAN NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE OU AK KI JAN OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE OU. TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON**

**I. MOUN POU KONTAKTE.** Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan Avi sou Pratik Konfidansyalite (“**Avi**”) sa a, tanpri itilize youn nan metòd ki endike nan fen Avi sa a pou kontakte nou.

**II. ANTITE KI DWE APLIKE PRATIK KONFIDANSYALITE SA YO** Tout antite ki fè pati CenterWell ACE, yon Antite Afilye ki Kouvri anba HIPAA, dwe aplike Avi Pratik Konfidansyalite sa a. ACE se yon gwoup antite separe ki gen garanti legal ki afilye epi ki deziyen tèt yo kòm yon sèl antite ki gen garanti pou yo ka aplike lwa HIPAA. Yon lis konplè manm ACE yo disponib sou <https://www.centerwell.com/ace-affiliates>.

**III. DAT AVI SA A ANVIGÈ.** Dat orijinal Avi sa a anvigè se 26 avril 2003. Dènye dat revizyon an se nan fen an.

**IV. NOU GEN RESPONSABLITE LEGAL POU PWOTEJE ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE [PROTECTED HEALTH INFORMATION (PHI)] OU.** Nou gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe enfòmasyon pèsònèl ou yo an sekre. Enfòmasyon medikal sa yo rele enfòmasyon pwoteje sou sante oswa “PHI” an abreje. PHI gen ladan enfòmasyon nou kapab itilize pou idantifye ou nou te kreye oswa resevwa sou sante ou oswa pwoblèm medikal pase ou, prezan ou ak fiti ou, swen sante nou ba ou oswa peman pou swen sante sa a. Nou bezwen jwenn dosye medikal ou pou ba ou swen sante epi pou nou konfòme nou avèk sèten egzijans legal. Avi sa a aplike pou tout dosye swen sante ak sèvis ou resevwa nan klinik nou, kit se anplwaye nou yo oswa doktè nou an ki ba ou yo. Avi sa a ap fè ou konnen fason nou ka itilize epi divilge PHI sou ou epitou li dekri dwa ou yo ak sèten obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon PHI ou.

Men, nou gen dwa pou chanje kondisyon Avi sa a ak Règleman ak Pwosedi nou yo sou Pratik Pwoteksyon Enfòmasyon Prive nenpòt lè. Nenpòt chanjman ap aplike nan PHI nou genyen deja. Lè nou fè youn

chanjman materyèl nan pratik konfidansyalite nou yo, n ap modifiye Avi sa a epi n ap mete l disponib pou ou lè nou poste l sou sit entènèt nou an yon kote ou ka wè l byen fasil sou sit livrezon sèvis fizik la, si sa a ap bon, nou ka voye l ba ou nan yon imel si ou dakò, oswa nou ka mete Avi ki revize a disponib pou ou yon lòt fason. Epitou ou ka itilize nenpòt nan metòd ki nan dènye paj Avi sa a pou kontakte nou pou mande yon kopi Avi sa a nenpòt lè. Lè w vin yon pasyan pou premye fwa, yo pral mande w pou siyen yon akize resepsyon ki endike yo te ba w opòtinite pou revize ak/oswa pou jwenn yon kopi Avi a sou papye.

**V. RESPONSABLITE NOU YO.** Lalwa egzije nou pou:

- asire nou kenbe PHI ki idantifye ou an sekre;
- ba ou Avi sa a sou pratik nou konsènan pwoteksyon enfòmasyon prive anrapò avèk PHI ou;
- divilge enfòmasyon sou VIH, sante mantal, ak/oswa maladi kontajye sèlman jan lwa federal ak lwa Eta a bay otorizasyon pou sa; epi
- respekte kondisyon Avi sa a depi li anvigè nan moman an. Si nou revize Avi sa a, n ap respekte kondisyon Avi ki revize a.

**VI. FASON NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE PHI OU.** Kategori ki anba la yo (ki endike an karaktè gra) dekri diferan fason n ap itilize epi divilge PHI ou. Yo ka divilge PHI yo sou plizyè sipò, tankou sipò elektwonik. Pou chak kategori itilizasyon oswa divilgasyon n ap eksplike sa nou vle di epi n ap ba ou kèk egzanp. Se pa chak itilizasyon oswa divilgasyon nan yon kategori k ap nan lis la. Men, tout fason nou gen pèmision pou itilize epi divilge enfòmasyon sou ou ap tonbe nan youn nan kategori ki enprime an karaktè gra a. Epitou, se pa tout kategori ki ka aplike nan sèvis swen sante w ap chèche a.

- A. Pou Tretman.** Nou ka divilge PHI ou ba doktè, enfimyè, responsab dosye, ak lòt pèsònèl swen sante ki ba ou sèvis swen sante oswa ki patisipe nan swen sante ou. Nou ka itilize epi divilge PHI ou pou bay epi kowòdone tretman, medikaman ak sèvis ou resevwa tankou pou ba ou medikaman sou preskripsyon lè li nesesè. Pa egzanp, si w ap swiv tretman pou yon chòk nan jenou, nou ka divilge PHI ou konsènan chòk sa a ba yon espesyalis terapi fizik oswa radyològ, oswa ba founisè ekipman medikal oswa responsab dosye.
- B. Pou Jwenn Peman pou Tretman.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou pou nou kapab voye bòdwo epi pou nou kapab resevwa peman pou tretman ak sèvis nou ba ou. Pa egzanp, nou ka bay kèk pòsyon nan PHI ou ba depatman faktirasyon ou ak plan sante ou pou resevwa peman pou sèvis swen sante nou te ba ou. Nou ka bay PHI ou tou ba Asosye Biznis nou, tankou konpayi faktirasyon yo ak lòt konpayi ki travay sou reklamasyon swen sante nou yo.
- C. Pou Fonksyonman Swen Sante.** Nou ka divilge PHI ou pou nou kapab opere sant medikal nou yo. Pa egzanp, nou ka itilize PHI ou pou evalye kalite sèvis swen sante ou te resevwa, pou aktivite kontwòl itilizasyon, oswa pou evalye pèfòmans pwofesyonèl swen sante ki te ba ou sèvis swen sante a. Nou ka bay PHI ou tou ba kontab nou yo, avoka nou yo, konsiltan nou yo, ak lòt moun pou nou kapab asire nou konfòme nou avèk lwa ki afekte nou.
- D. Ba Asosye Biznis pou Tretman, Pèman ak Fonksyonman Swen Sante.** Nou ka divilge PHI sou ou ba youn nan Asosye Biznis nou pou nou kapab bay tretman, resevwa peman oswa reyalize fonksyonman swen sante a. Pa egzanp, nou ka divilge PHI sou ba yon konpayi ki voye bòdwo ba konpayi asirans yo sou non nou yon fason pou konpayi a kapab ede nou jwenn peman pou sèvis swen sante nou bay yo.
- E. Moun ki Patisipe nan Swen Ou oswa nan Pèman pou Swen Sante Ou.** Nou ka divilge PHI sou ou ba yon manm fanmi, lòt manm fanmi, oswa zanmi pèsònèl pwòch ou ki konsène dirèkteman nan swen medikal ou si PHI nou bay la enpòtan pou patisipasyon moun sa a nan swen sante ou. Nou ka divilge enfòmasyon yo tou ba moun ki ede peye pou swen sante ou. Answit, nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon òganizasyon k ap bay èd nan yon efò sekou pou katastwòf yon fason pou fanmi ou kapab resevwa enfòmasyon sou kote ou ye ak sou eta sante jeneral ou.
- F. Pou Fè ou Sonje Randevou yo.** Nou ka itilize epi divilge PHI pou kontakte ou pou fè ou sonje ou gen yon randevou pou tretman oswa pou swen sante si ou pa t chwazi pou pa resevwa rapèl yo.
- G. Lòt Kalite Tretman.** Nou ka itilize epi divilge PHI pou ba ou enfòmasyon sou chwa tretman yo oswa sou lòt kalite tretman si ou pa t chwazi pou pa resevwa rapèl yo. Nou ka kontakte ou konsènan pwogram konfòmite tankou rekòmandasyon pou medikaman, revizyon itilizasyon medikaman, rapèl pwodui ak ranplasman terapetik.
- H. Avantaj ak Sèvis ki Gen pou Wè ak Sante.** Nou ka itilize epi divilge PHI pou konnen avantaj ak sèvis sou sante ki ka enterese ou si ou pa t chwazi pou pa resevwa rapèl yo.
- I. Konpansasyon Travayè.** Nou ka divilge PHI sou ou pou pwogram konpansasyon travayè oswa pou pwogram ki sanble. Pwogram sa yo bay benefis pou chòk oswa maladi ou pran nan travay.
- J. Sitiyasyon Espesyal.**
- 1. Lè Lalwa Egzije Sa a.** N ap divilge PHI sou ou lè lwa federal, lwa eta a ak lwa lokal egzije pou nou fè sa a, tankou Lwa sou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Act (OSHA)], Administrasyon Federal Medikaman [Federal Drug Administration (FDA)], oswa Depatman Transpò [Department of Transportation (DOT)].

**2. Aktivite Sante Piblik.** Nou ka divilge PHI sou ou pou aktivite sante piblik. Anjeneral kèk nan aktivite sante piblik se:

- a. pou anpeche oswa pou kontwole maladi, chòk oswa andikap;
- b. pou rapòte lè tibebe fèt ak ka lanmò;
- c. pou rapòte abi oswa neglijan sou timoun;
- d. pou rapòte reyaksyon nan medikaman oswa pwoblèm avèk pwodui;
- e. pou fè moun konnen lè yo rapèl pwodui yo;
- f. pou voye avi ba yon moun ki te ka ekspoze nan yon maladi oswa ki arisk pou pran oswa pou simaye yon maladi;
- g. pou voye avi ba otorite gouvènman ki apwopriye si nou kwè yon pasyan te viktim abi, neglijan, oswa vyolans nan kay. N ap sèlman fè divilgasyon sa a si ou dakò oswa lè lalwa egzije oswa otorize sa.

**3. Aktivite Sipèvizyon Sante.** Nou ka divilge PHI ou ba yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize, tankou verifikasyon, ankèt, enspeksyon, ak pèmi pou fonksyone. Aktivite sa yo nesese pou gouvènman an kontwole sistèm swen sante a, pwogram gouvènman an, ak respè lwa sou dwa sivil yo.

**4. Pwosè ak Konfli.** Si ou konsène nan yon pwosè oswa yon konfli, nou ka divilge PHI sou ou dapre yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif. Nou ka divilge PHI sou ou tou pou bay repons pou yon asiyasyon pou prezante nan tribinal, demann dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal yon lòt moun ki nan konfli a.

**5. Lapolis.** Nou ka divilge PHI ou si yon ofisyèl lapolis mande nou pou fè sa s:

- a. pou bay repons pou yon lòd tribinal, yon asiyasyon, yon sitasyon, oswa yon pwosesis sanblab;
- b. pou idantifye oswa chèche yon moun ki sispèk, yon moun ki sove pou lajistis,

yon temwen kle, oswa yon moun yo pa wè, men sèlman si se enfòmasyon limite yo (pa egzanp, non ak adrès moun nan, dat ak kote li fèt, nimewo sekirite sosyal, gwoup sangen, faktè RH, chòk, dat ak lè tretman an, ak detay lanmò a) ki divilge;

- c. konsènan moun ki viktim yon krim, si nan sèten sikonstans limite, nou pa kapab jwenn akò moun nan;
- d. konsènan yon ka lanmò nou kwè ki ka se rezilta yon zak kriminèl;
- e. konsènan konduit kriminèl nou te kwè ki te fèt nan sant medikal nou; epi
- f. nan sikonstans ijan pou rapòte yon krim; kote krim nan fèt la, oswa adrès viktim yo; oswa idantite, deskripsyon oswa kote moun ki te fè krim nan ye.

**6. Doktè Lejis, Egzaminatè Medikal oswa Direktè Ponp Finèb.** Nou ka divilge PHI sou pasyan yo ba yon doktè lejis oswa yon egzaminatè medikal pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine sa ki lakòz lanmò a oswa ba direktè ponp finèb pou yo ka pran responsablite yo.

**7. Don Ògàn ak Tisi.** Nou ka divilge PHI ou ba òganizasyon ki okipe afè resevwa ògàn oswa grèf ògàn, zye oswa tisi oswa ba yon bank don ògàn pou fasilite don ògàn oswa tisi.

**8. Rechèch.** Nan sèten sikonstans, nou ka itilize epi divilge PHI sou ou pou rezon rechèch. Pa egzanp, yon pwojè rechèch ka gen ladan konparezon sante ak gerizon tout pasyan ki te resevwa yon medikaman parapò ak moun ki te resevwa yon lòt, pou menm maladi a. Tout pwojè rechèch yo depannde yon pwosesis apwobasyon espesyal ki egzije yon evalyasyon pwojè rechèch ki pwopoze a ak itilizasyon PHI li, epi ki ekilibre bezwen sa yo pou rechèch la avèk bezwen pasyan nou yo pou pwoteksyon enfòmasyon prive. Anvan nou itilize oswa divilge PHI ou pou rechèch, anjeneral pwojè a ap apwouve nan pwosesis apwobasyon espesyal sa a. Men, pwosesis

apwobasyon sa a pa obligatwa lè nou aksepte pou moun k ap prepare yon rechèch epi ki vle gade enfòmasyon sou pasyan ki gen bezwen medikal revize PHI ou, depi PHI yo pa kite sant medikal nou.

**9. Pou Evite yon Menas Grav pou Lasante oswa Sekirite.** Nou ka itilize epi divilge PHI ou lè sa a nesèsè pou evite yon menas grav pou sante oswa sekirite w oswa pou sante oswa sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Men, nenpòt divilgasyon ta fèt sèlman ba yon moun ki kapab ede evite menas la.

**10. Pèsonèl Fòs Lame ak Pèsonèl Fòs Lame Peyi Etranje.** Si ou se yon manm Fòs Lame, nou ka divilge PHI ou jan otorite kòmmanman militè egzije sa a oswa konsènan pèsonèl fòs lame peyi etranje ba otorite fòs lame peyi etranje ki apwopriye.

**11. Aktivite Sekirite Nasyonal ak Ransèyman.** Nou ka divilge PHI sou ou ba ofisyèl federal ki otorize pou sèvis ransèyman, kont-esponyaj, ak pou lòt aktivite sekirite nasyonal lalwa otorize.

**12. Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan an ak Lòt Moun.** Nou ka divilge PHI sou ou ba ofisyèl federal ki otorize yon fason pou yo ka bay Prezidan an, lòt moun ki otorize oswa moun ki alatèt leta nan peyi etranje pwoteksyon, oswa pou mennen ankèt espesyal.

**13. Prizonnye.** Si ou se yon prizonnye ki nan yon enstitisyon penitansye oswa ou anba kontwòl yon ofisyèl lapolis, nou ka divilge PHI sou ou ba enstitisyon penitansye sa a oswa ba ofisyèl lapolis la. Divilgasyon sa a ka nesèsè, pa egzanp, pou enstitisyon an ba ou swen sante; pou pwoteje sante ak sekirite ou, oswa sante ak sekirite lòt yo; oswa pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

**14. Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (FDA)** Nou ka itilize epi

divilge ba Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman [Food and Drug Administration (FDA)], oswa moun ki anba jiridiksyon FDA, enfòmasyon pwoteje sou sante w konsènan reyaksyon negatif anrapò avèk medikaman, manje, sipleman, pwodui, ak defo pwodui, oswa poste enfòmasyon sou siveyans maketing pou pèmèt yo fè yo rapèl pwodui, repare yo oswa ranplase yo.

**K. Itilizasyon ak Divilgasyon yo Pa Prevwa.** Itilizasyon ak divilgasyon ki rive nan yon fason yo pa prevwa ki se yon itilizasyon oswa divilgasyon ki dekri nan Avi sa a akseptab depi gen mezi sekirite rezonab ki tabli pou limite itilizasyon ak divilgasyon sa yo.

## **VII. KISA NOU FÈ AVÈK ENFÒMASYON OU YO LÈ OU PA YON PASYAN ANKÒ OSWA LÈ OU P AP RESEVWA SÈVIS YO NAN MEN NOU ANKÒ?**

Enfòmasyon ou yo kapab kontinye sèvi pou objektif ki dekri nan Avi sa a si ou pa resevwa sèvis nou yo ankò. Apre peryòd konsèvasyon legal ki obligatwa a, nou detwi enfòmasyon yo dapre pwosedi serye pou konsève konfidansyalite.

## **VIII. DWA OU GENYEN KONSÈNAN PHI OU.**

**A. Dwa pou Mande Limit sou Itilizasyon ak Divilgasyon PHI Ou.** Ou gen dwa pou mande pou nou limite fason nou itilize oswa divilge PHI ou. N ap konsidere demann ou men nou pa gen obligasyon legal pou apwouve li. Si nou apwouve demann ou, n ap mete nenpòt limit alekri epi n ap swiv yo sòf nan sitiyasyon ijans yo. Ou pa ka limite itilizasyon ak divilgasyon nou gen obligasyon legal oswa ou gen pèmasyon pou fè.

Ou gen dwa pou mande yon restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ou pou rezon tretman, pèman oswa pou aktivite fonksyonman swen sante. Nou pral konsidere restriksyon an men nou pa oblije dakò ak yon restriksyon.

Nou pral dakò ak yon demann ou fè pou limite divilgasyon PHI ou nan yon plan sante si divilgasyon an se nan objektif pou fè pèman oswa pou aktivite fonksyònman swen sante epi lalwa pa egzije yon sa a epi PHI a konsènan sèlman yon atik oswa yon sèvis swen sante moun nan, oswa yon lòt moun apa plan sante a ki sou non moun nan, li te peye nou tout lajan pou atik oswa yon sèvis swen sante sa a. Si pèman an pa fèt, lè sa a nou p ap bezwen satisfè demann restriksyon an si nou bezwen chèche jwenn pèman an.

**B. Dwa pou Chwazi Kijan pou Nou Voye PHI ba Ou.** Ou gen dwa pou mande pou nou voye enfòmasyon yo ba ou nan yon lòt adrès oswa nan yon lòt metòd. Nou dwe dakò avèk demann ou an depi nou kapab reponn li san pwoblèm nan fòm ou te mande a.

**C. Dwa pou Wè epi Jwenn Kopi PHI Ou.** Nan pifò ka yo, ou gen dwa pou gade oswa pou jwenn kopi PHI nou genyen sou ou, men ou dwe fè demann pou sa alekri. Si ou pa gen yon PHI, men nou konnen kimoun ki genyen, n ap fè ou konnen kijan pou resevwa li. Nan sèten sitiyasyon, nou ka bay refi pou demann ou. Si nou fè sa, n ap fè ou konnen rezon nou yo alekri pou refi a, epi n ap eksplike ou nenpòt dwa ou genyen pou fè nou revize refi a. Si ou mande kopi PHI ou, ka gen yon frè pou peye pou chak paj. Olye nou ba ou PHI ou te mande a, nou ka ba ou yon rezime oswa eksplikasyon PHI depi ou dakò avèk sa epitou depi ou dakò pou peye nenpòt frè siplemantè davans.

**D. Dwa pou Resevwa yon Lis Divilgasyon Nou Fè yo.** Ou gen dwa pou jwenn yon lis ka kote nou te divilge PHI ou nan dènye sis (6) ane yo. Lis la ap gen ladan dat divilgasyon an (yo), ba kimoun nou te divilge PHI ou, yon deskripsyon enfòmasyon nou te divilge yo, ak rezon pou divilgasyon an. Lis la p ap gen ladan itilizasyon oswa divilgasyon nou te fè pou ba ou tretman, pou nou resevwa peman oswa pou kontwole fonksyònman swen sante, itilizasyon oswa divilgasyon ou te otorize, oswa divilgasyon ki te fèt dirèkteman ba ou oswa ba fanmi ou. Lis la p ap gen ladan nonplis itilizasyon ak

divilgasyon nou te fè pou rezon sekirite nasyonal oswa ba pèsònèl koreksyon oswa lapolis. Demann ou dwe endike yon peryòd tan ki pa depase sis (6) ane anvan, men li ka sètènman mwens pase sis (6) ane.

**E. Dwa pou Koriye PHI Ou oswa pou Fè Chanjman Ladan.** Si ou panse PHI nou genyen sou ou pa kòrèk oswa si li pa konplè, ou ka mande nou pou fè chanjman nan enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou mande yon modifikasyon nan enfòmasyon ki la deja oswa pou mete enfòmasyon ki manke yo. Ou dwe bay demann lan ak rezon pou demann lan alekri. Si nou apwouve demann ou, n ap fè chanjman an nan PHI ou, n ap fè ou konnen nou fè chanjman an, epitou n ap di sa pou lòt moun ki bezwen konnen chanjman an nan PHI ou. Nou ka bay refi pou demann ou si PHI la: (i) kòrèk ak konplè, (ii) si se pa nou ki te kreye li, (iii) si nou pa gen pèmasyon pou divilge li, oswa (iv) li pa fè pati nan dosye nou yo. Refi alekri nou ap endike rezon pou refi a, epitou l ap eksplike dwa ou genyen pou fè yon deklarasyon alekri sou dezakò ou avèk refi a. Si ou pa fè yon deklarasyon pou dezakò ou, ou gen dwa pou mande pou nou tache demann ou ak refi nou nan tout divilgasyon pidevan yo.

**F. Dwa pou Resevwa Avi Sa a.** Ou gen dwa pou resevwa yon kopi Avi sa a nan papye epi nan imèl.

**G. Dwa pou Depoze yon Plent.** Si ou kwè nou vyole dwa vi prive w oswa si ou pa dakò avèk yon desizyon nou pran konsènan dwa ou, tankou dwa pou jwenn dosye ou yo oswa pou fè chanjman ladan yo, ou ka depoze yon plent ban nou sou telefòn, faks, oswa lapòs. Ou dwe soumèt tout plent yo ban nou avèk enfòmasyon kontak ki endike anba la a.

Ou ka fè yon plent alekri tou ba Depatman Sante ak Sèvis Piblik Etazini (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo pou Dwa Sivil [Office for Civil Rights (OCR)]. N ap ba ou adrès rejon apwopriye OCR depi ou fè demann lan. Ou gen chwa tou pou voye plent ou nan imèl ba [OCRComplaint@hhs.gov](mailto:OCRComplaint@hhs.gov). Nou

sipòte dwa ou pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ou ak enfòmasyon sou sante ou. Nou p ap fè vanjans kont ou nan okenn fason si ou chwazi pou pote plent ban nou oswa nan Depatman Sante ak Sèvis Piblik Etazini.

N ap bay repons pou tout demann ak plent konsènan enfòmasyon prive. Se toujou objektif nou pou asire pwoteksyon ak onètete enfòmasyon pèsònèl ou ak enfòmasyon sou sante ou. Poutèt sa, n ap fè ou konnen nenpòt sitiyasyon posib kote nou ta itilize enfòmasyon ou yo pou rezon ki diferan ak sa ki endike anwo a.

**IX. Kisa k ap pase si yo itilize oswa divilge enfòmasyon prive mwen yon fason ki pa apwopriye?**

Ou gen dwa pou resevwa yon avi apre yon vyolasyon PHI ou ki pa te pwoteje. N ap fè ou konnen sa nan yon jan ki apwopriye si gen yon vyolasyon konsa.

**X. Kijan yo Ka Itilize Enfòmasyon Mwen yo pou Objektif ki pa Dekri nan Avi Sa a?** Nan tout ka ki diferan ak sa ki dekri nan Avi sa a, nou pral mande w pèmision alekri anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo. Ou kapab anile pèmision ou nenpòt lè depi ou notifiye nou alekri. Nou p ap itilize enfòmasyon ou yo pou nenpòt rezon ki pa dekri nan avi sa a san pèmision ou. Ka itilizasyon ak divilgasyon ki annapre yo mande otorizasyon:

1. Pifò ka itilizasyon ak divilgasyon ki nan nòt sikoterapi. Nòt sikoterapi yo se nòt pwofesyonèl swen sante w anrejistre ki se yon pwofesyonèl sante mantal ki dokimante oswa analize sa ki nan yon konvèsasyon ki separe ak rès dosye medikal pasyan an. Gen eksepsyon pou divilgasyon lòt lwa egzije, tankou pou rapò obligatwa sou abi, ak sitiyasyon obligatwa “devwa pou bay avètisman” konsènan menas domaj grav epi ki pral rive pasyan fè.
2. Objektif maketing Apa kèk eksepsyon, Règleman an mande pou yon moun bay otorizasyon alekri anvan yo itilize oswa divilge enfòmasyon ki pwoteje sou sante li pou fè maketing. Yon fason pou nou pa entèfere ak fonksyon swen sante debaz yo, HIPAA fè

distenksyon ant kominikasyon maketing ak kominikasyon konsènan byen ak sèvis ki esansyèl pou bon jan kalite swen sante.

3. Vann enfòmasyon pwoteje sou sante Vann PHI se yon divilgasyon enfòmasyon sou sante ki pwoteje yon antite oswa yon asosye biznis ki garanti fè, si sa aplikab, kote antite oswa asosye biznis ki garanti a dirèkteman oswa endirèkteman resevwa salè nan men oswa nan non moun k ap resevwa enfòmasyon sou sante ki pwoteje a pou bay enfòmasyon sante ki pwoteje yo. Gen kèk aktivite yo pa konsidere kòm yon “komès” PHI, tankou divilgasyon ki gen rapò ak rezon sante piblik, lalwa egzije, pou rezon rechèch, pou rezon tretman ak pèman, pou vann, transfere, fizyone oswa konsolide antite a.

**Ki kalite kominikasyon mwen kapab di mwen pa vle pou yo voye ban mwen?** Ou ka deside refize nan adrès ki pi ba a konsènan kominikasyon annapre yo:

- a. Pou Fè w Sonje Randevou yo.
- b. Lòt kalite tretman oswa lòt avantaj ak lòt sèvis sou sante.
- c. Aktivite pou ranmase lajan

**XI. FASON POU MANDE DWA POU ENFÒMASYON PRIVE OU.** Si ou kwè nou vyole enfòmasyon prive ou nan nenpòt fason, ou ka fè yon plent depi ou kontakte nou jan sa dekri anba la a. Nou pran angajman pou reponn demann kòrèk ou nan yon manyè ki apwopriye. Pou mande nenpòt dwa pou enfòmasyon vi prive, tanpri kontakte nou nan:

Centerwell Primary Care

Adrès postal:

Vi Prive Swen Prensipal

500 West Main Street

Louisville, KY 40202

Adrès imel: [Privacy@caredeliveryorganization.com](mailto:Privacy@caredeliveryorganization.com)

CenterWell Pharmacy

Adrès postal:

CenterWell Pharmacy  
Biwo Konfidansyalite 003/10911  
101 E. Main Street Louisville, KY 40202

Email: [privacyoffice@Humana.com](mailto:privacyoffice@Humana.com)

**Dat Dènye Revizyon an: 28/4/2023**